

## Prefas

Vil New York pwopoze pou amande Plan Daksyon Anyèl li a nan Plan Konsolide 2019 la ki te deja apwouve pou reflete finansman adisyonèl Lwa CARES la Vil la resevwa atravè fon Reyafektasyon ESG-CV nan Depatman Lojman ak Devlopman Iben Ameriken an, pou pi byen reponn ak bezwen tout vil la akòz kowonavirus la.

## Rezime Egzekitif

### AP-05 Rezime Egzekitif - 24 CFR 91.200(c), 91.220(b)

#### 1. Entwodiksyon

Plan Daksyon Anyèl nan Plan Konsolide 2019 la se demann anyèl Vil New York fè nan Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini an (Housing and Urban Developmen, HUD) pou kat (4) pwogram dwa Biwo Planifikasyon ak Devlopman Kominotè yo: Sibvansyon Global pou Devlopman Kominotè (CDBG), Patenarya Envestisman HOME (HOME), Sibvansyon pou Solisyon Ijans (ESG) ak Opòtinite pou Lojman pou Moun ki gen SIDA (HOPWA).

Pou Ane Pwogram 2019 la, Vil la te resevwa \$294,129,949 nan kat (4) pwogram sibvansyon fòmil HUD yo: \$166,843,617 pou CDBG; \$69,126,329 pou HOME; \$44,033,544 pou HOPWA; ak \$14,126,459 pou ESG.

Premye ka konfime SARS-CoV-2 (aka kowonavirus) nan Etazini te anonse nan peyi Etazini an Janvye 2020. Vil New York te gen premye ka konfime li a nan dat 1ye Mas 2020, epi li te vin annapre premye episant nan kriz COVID-19 la nan peyi Etazini. Nan dat 7 Mas 2020, Gouvènè Eta New York la Andrew Cuomo te deklare yon eta dijans. Nan dat 12 Mas 2020, Majistra Vil New York la, Bill de Blasio, te deklare yon eta dijans an patikilye pou Vil New York. Nan dat 13 Mas 2020, Prezidan Donald Trump te deklare yon eta dijans nasyonal, annapre yo te anonse katastwòf an patikilye nan Eta New York nan dat 20 Mas 2020. Mete sou sa, nan dat 20 Mas, Gouvènè Cuomo te pibliye yon lòd pou moun rete lakay yo nan tout eta a, yo rele I Dekrè Egzekitif "Eta New York sou POZ", ki te antre an vigè nan dat 22 Mas 2020.

Nan fen mwa Mas 2020, Kongrè a te adopte epi Prezidan Trump te siyen Lwa sou Èd, Sekou, ak Lwa sou Sekirite Ekonomik anrapò ak Kowonavirus la oswa "Lwa CARES" pou fè prevansyon, prepare epi fè fas ak COVID-19 la. Yo dwe itilize fon pou sibvansyon siplemantè ki otorize selon Lwa CARES la pou sipòt efo eta a ak lokalite a ap fè pou fè fas ak ijans, tankou asistans pou lwe kay, sèvis sipòt, devlopman ekonomik, aksè ak swen sante ak lòt aksyon ki nesesè yo.

Vil la te resevwa alokasyon sa yo nan fon sibvansyon fòmil HUD la atravè Lwa CARES, ak chak alokasyon ki gen sifiks -CV:

- CDBG-CV1: \$102,084,020
- CDBG-CV3: \$122,279,413
- ESG-CV1: \$50,507,036
- ESG-CV2: \$331,859,870
- **Reyalokasyon ESG-CV: \$1,044,064**

- HOPWA-CV: \$6,351,063

Pwogram HOME nan pa t resevwa yon alokasyon nan Lwa CARES la.

Pwogram Lwa CARES ki vin apre a te aplike nan *Plan Dakson ESG-CV 2019* ki te amande a:

## **2. Rezime objektif ak rezulta ki idantifye nan Plan an**

Pou Ane Pwogram Plan Konsolide 2019 ki te amande totalman ki gen ladan fon siplemantè Lwa CARES la, Vil New York prevwa pou l'reyalize objektif estratejik li yo nan fason sa a:

Yo pral itilize \$1,044,064 anplis nan fon Reyalokasyon ESG-CV pou favorize objektif estratejik ki anba yo, ki te etabli anrapò ak premye ak dezyèm alokasyon ESG-CV an 2020:

Sèvis Dijans (Sansibilizasyon nan Lari) -- Aktivite ki nan eleman sa a gen ladan developman pwogram medikal nan lari nan Depatman Sèvis pou Sanzabri pou moun ki pa gen kay, developman pwogram sansibilizasyon nan lari pou moun New York ki pa gen kay yo ki nan metwo nan Vil New York, kreyasyon nouvo sant dakèy dijans nan lari pou moun ki pa gen kay yo, nan sant yo, ak lòt depans pou diminie risk pou founisè sèvis Sansibilizasyon Sanzabri ki gen kontra yo, tout bagay sa yo pral diminie transmisyon COVID la pami ak ant Sanzabri nan New York yo ki pa gen kay, anplwaye pou fè sansibilizasyon yo ak lòt moun.

Sèvis Dijans (Abri Dijans, ES) -- Aktivite nan eleman sa a gen ladan efò atravè Depatman Sèvis pou Sanzabri pou itilize kapasite ES ki egziste deja epi ki kreye nouvo kapasite ES pou reyalize objektif pou bay sèvis ki apwopriye pou moun ki fè eksperians sanzabri pandan y ap diminie konsantrasyon nan espas rasanbleman yo ak pami moun ki sanzabri ki pa gen lojman. Efò sa yo gen ladan lòt depans pou diminie transmisyon COVID pou founisè ES ki gen kontra yo; kreyasyon nouvo kapasite Safe Haven (abri ki gen nivo sekirite ki fèb) ki rezève pou lojman moun ki sanzabri ki pa gen lojman ki ekspoze ak gwo risk pou COVID; ak kabann pou stabilizasyon dijans pou moun ki sanzabri ki pa pwoteje ki bezwen lojman imeda epi ki gen gwo risk pou COVID. Aktivite siplemantè ES pou popilasyon sa yo pandan peryòd ki vin anvan vaksen ki efikas pou COVID-19 la vin disponib sou yon gwo echèl, sa gen ladan kabann otèl pou diminie konsantrasyon abri kolektif yo, ak kabann pou sit izòlman otèl pou kontinye prevansyon anrapò ak simaye COVID-19 la epi sèvi moun ki te ekspoze yo oswa ki malad ak COVID-19 yo.

## **4. Rezime sou Pwosesis Patisipasyon Sitwayen ak pwosesis konsiltasyon**

### Odyans Biblik ak Peryòd Egzamen Kòmantè Biblik yo

Dapre Avi CPD-21-08, fon ESG-CV sa yo pa lye ak egzijans konsiltasyon oswa patisipasyon sitwayen yo (jan sa endike nan Lwa CARES la), akondisyon benefisyè a pibliye chanjman li planifye yo, omwen sou entènèt sou sit entènèt Gouvènman ki apwopriye a oswa atravè lòt medya elektwonik.

Vil la te pibliye Plan Dakson ESG-CV 2019 la ki amande sou [sit entènèt](#) Biwo Aktivite Majistra a. Tout kesyon konsènan Plan Dakson ESG-CV 2019 ki amande a ka voye bay:

Lisa Rambaran  
Responsab Pwogram Plan Konsolide Biwo  
Aktivite Majistra a  
253 Broadway, 10th Floor  
New York, NY 10007

Biwo: 212-788-2643  
Imel: [ConPlanNYC@cityhall.nyc.gov](mailto:ConPlanNYC@cityhall.nyc.gov)

VIL NEW YORK  
Amanrnman Lwa CARES 2019

Sipleman-3

## Resous Anvizaje

Tablo AP-1 - Resous Previzib - Tablo Priyorite

Pwogram	Sous Fon	Itilize Fon	Montan Disponib ki Anvizaje Ane 1				Montan Disponib ki Anvizaje pou Rès ConPlan \$	Deskripsiyon Ekri
			Alokasyon Anyèl: \$	Revni pwogram nan: \$	Resous Ane Pase yo: \$	Total \$		
Lòt ESG-CV (Reyalokasyon)	piblik - federal	Lòt Prevansyon, prepare pou, epi reponn kowonaviris	\$1,044,064			\$1,044,064	\$0	Prevansyon, prepare pou, epi reponn pou kowonaviris

VIL NEW YORK  
Amannman Lwa CARES 2019

Siplement-4

## Pwojè

### AP-35 Pwojè – 91.220(d)

#### Entwodiksyon

Depatman Sèvis pou Sanzabri (Department of Homeless Services, DHS) a jwenn Sibvansyon pou Solisyon Dijans Vil la (Emergency Solutions Grant, ESG). Fon sa yo bay sipò ak efò k ap fèt pou sèvi moun ak fanmi ki sanzabri yo ak sa yo ki riske pou yo vin sanzabri.

#### Enfòmasyon sou Pwojè a

#	Non Pwojè a
1	HESG20 PWogram SIBVANSYON POU SOLISYON DIJANS

## AP-38 Rezime Pwojè a

### Enfòmasyon sou Pwojè a

1	Non Pwojè a	HESG20 PWOGGRAM SIBVANSYON POU SOLISYON DIJANS
	Zòn Sible	
	Objektif Finanse	Prevansyon Sanzabri (ESG) Sansibilizasyon Sanzabri (ESG) Abri Dijans ak Sèvis ki Esansyèl (ESG)
	Bezwèn ki Abòde	Prevansyon Sanzabri - ESG Abri Dijans ak Sèvis Esansyèl - ESG Sanzabri Kritik - ESG
	Finansman	ESG: \$14 647 037 ESG-CV1: \$50,507,036 ESG-CV2: \$331,859,870 Reyalokasyon ESG-CV: \$1 044 064
	Deskripsiyon	DHS jwenn finansman ESG. Fon sa yo itilize pou sèvi moun ki sanzabri oswa ki riske vin sanzabri. Fon sa yo itilize pou bay sèvis sa yo: Abri Dijans & Sèvis Esansyèl, Sensibilizasyon nan Lari, ak Prevansyon Sanzabri.
	Dat Sible	31 décembre 2022
	Evalye kantite ak kalite fanmi ki pral benefisyè nan aktivite yo pwopoze yo	
	Location	Nan tout Vil la
	Aktivite ki Planifye	Plan depans ESG-CV nan Vil New York yo gen ladan itilizasyon ESG ki prevwa pou aktivite sa yo:  Sèvis Dijans (Sansibilizasyon nan Lari) -- Aktivite ki nan eleman sa a gen ladan devlopman pwogram medikal nan lari nan Depatman Sèvis pou Sanzabri pou moun ki pa gen kay, devlopman pwogram sansibilizasyon nan lari pou moun New York ki pa gen kay yo ki nan metwo nan Vil New York, kreyasyon nouvo sant dakèy dijans nan lari pou moun ki pa gen kay yo, nan sant yo, ak lòt depans pou diminye risk pou founisè sèvis Sansibilizasyon Sanzabri ki gen kontra yo, tout bagay sa yo pral diminye transmisyon COVID la pami ak ant Sanzabri nan New York yo ki pa gen kay, anplwaye pou fè sansibilizasyon yo ak lòt moun.

	<p><b>Sèvis Dijans (Abri Dijans, ES)</b> -- Aktivite nan eleman sa a gen ladan efò atravè Depatman Sèvis pou Sanzabri pou itilize kapasite ES ki egziste deja epi ki kreye novo kapasite ES pou reyalize objektif pou bay sèvis ki apwopriye pou moun ki fè eksperyans sanzabri pandan y ap diminye konsantrasyon nan espas rasanbleman yo ak pami moun ki sanzabri ki pa gen lojman. Gen ladan lòt depans pou diminye transmisyon COVID pou founisè ES ki gen kontra yo; kreyasyon novo kapasite Safe Haven (abri ki gen nivo sekirite ki fèb) ki rezèv pou lojman moun ki sanzabri ki pa gen lojman ki ekspoze ak gwo risk pou COVID; ak kabann pou estabilizasyon dijans pou moun ki sanzabri ki pa pwoteje ki bezwen lojman imeda epi ki gen gwo risk pou COVID. Aktivite siplemantè ES pou popilasyon sa yo pandan peryòd ki vin anvan vaksen ki efikas pou COVID-19 la vin disponib sou yon gwo echèl, sa gen ladan kabann otèl pou diminye konsantrasyon abri kolektif yo, ak kabann pou sit izòlman otèl pou kontinye Prevansyon anrapò ak simaye COVID-19 la epi sèvi moun ki te ekspoze yo oswa ki malad ak COVID-19 yo.</p> <p><b>Plan depans (nòmal) ESG, anplis sansibilizasyon nan lari ak abri dijans, gen ladan bagay sa yo:</b></p> <p><b>Prevansyon Sanzabri</b> -- Aktivite nan eleman sa a gen ladan sèvis Prevansyon Sanzabri atravè Pwogram HomeBase ki nan tout vil nan kominote a, ki gen ladan enskripsiyon kliyan atravè prevansyon prensipal ak sèvis swivi pou asire estabilite lojman pou moun ki riske vin sanzabri yo epi pou pèmèt fanmi yo rete lakay yo selon konsèy sante publik bay epi evite antre nan abri dijans. Sèvis HomeBase ka gen ladan sèvis demenajman ak estabilizasyon lojman. Gen ladan lòt depans pou diminye transmisyon COVID pou founisè ki gen kontra yo.</p> <p><b>HMIS</b> -- Aktivite nan eleman sa a gen ladan Teknoloji Enfòmasyon ki gen rapò ak swivi ak diminisyon kowonavirus pami abitan New York yo k ap fè eksperyans sanzabri epi ki riske pou yo vin sanzabri.</p>
--	---